**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

# Халық билимлендириў хызметкерлерин үзликсиз кәсиплик раўажландырыўдың заманагөй түрлери ҳәм формаларын кеңнен енгизиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Тәлим-тәрбия системасын және де жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы ҳәм 2020-жыл 6-ноябрьдеги ПҚ-4884-санлы ҳәмде «Халық билимлендириў тараўындағы илимий-изертлеў жумысын қоллап-қуўатлаў ҳәм де үзликсиз кәсиплик раўажландырыў системасын енгизиў ис-илажлары ҳаққында»ғы 2021-жыл 25-январьдағы ПҚ-4963-санлы қарарларындағы халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнигелигин арттырыў процессин «Өмир даўамында оқыў» принципи тийкарында үзликсиз қәнигелигин арттырыўды нәзерде тутыўшы системаға айландырыў, дәстүрий қәнигелигин арттырыў менен бир қатарда кәсиплик оқытыўдың бирлескен, жумыс процесси менен биргеликте алып барылатуғын, аралық ҳәм басқа түрлерин енгизиў, соның менен бирге, халық билимлендириў хызметкерлериниң мүтәжликлеринен келип шыққан ҳалда, қысқа мүддетли, машқалалы ҳәм авторлық курсларын шөлкемлестириў ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 19-апрельдеги 118-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман**:

**1.** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 19-апрельдеги 118-санлы буйрығы мағлыўмат ҳәм орынланыўы ушын басшылыққа алынсын.

**2.** Белгилеп қойылсын усы буйрық пенен:

Халық билимлендириў хызметкерлерин үзликсиз кәсиплик раўажландырыўда билим бериўдиң түрли формаларынан пайдаланыў бойынша Көрсетпе 1-қосымшасы менен тастыйықланғанлығы;

Халық билимлендириў хызметкерлериниң теориялық билимлери ҳәм әмелий көнликпелерин раўажландырыў бойынша шөлкемлестирилетуғын қысқа мүддетли *(мақсетли, машқалалы ҳәм авторлық)* курслары ҳаққындағы Реже 2-қосымшасы менен тастыйықланғанлығы мағлыўмат ҳәм орынланыўы ушын қабыл қылынсын.

**3. Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелилигин арттырыў аймақлық орайы (Б.Диланов)на (келисими менен):**

аймақлық орай тәрепинен әмелге асырылып атырылған қайта таярлаў ҳәм қәнигелилигин арттырыў курсларын нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм өткерилиўин қадағалаўға алыў;

курсларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў процессинде министрлик, районлық ҳәм қалалық халық билимлендириў бөлимлериндеги Билим сыпаты мониторинг бөлимлери менен бирге ислесиўди жолға қойыў ҳәм методикалық жәрдем көрсетиў;

тыңлаўшылардың оқыўы ҳәм жасаўы ушын зәрүр шарт-шараятлар жаратыў имканиятларын көриў.

**4. Министрликтиң билим сыпаты мониторинг бөлими (Ҳ.Бегдуллаев)не:**
**ҳәр айда:**

қәнигелилигин арттырыў ҳәм қайта таярлаўдан өтиўши тыңлаўшылардың оқыў курсларына қатнасыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалаўға алыў;

қәнигелигин арттырыў курсларын тамамланғаннан кейин педагог хызметкерлерди қәнигелигин арттырылғанлығы ҳаққындағы сертификатлар менен тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилсин.

**5. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

ҳәр айда қәнигелигин арттырыўға қамтылатуғын педагог хызметкерлер дизимин курслар басланыўынан бир ҳәпте алдын қәлиплестирип, олардың ҳүжжетлери (*паспорт, диплом, буйрықтан көширмеси*)ниң көширмелерин электрон формада Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелилигин арттырыў аймақлық орайына усыныў;

педагог хызметкерлерди қәнигелигин арттырыў курсларына жибериўде сол жылы тастыйықланған буйыртпаға қатаң әмел етиў;

буйыртпа тийкарында қәнигелигин арттырыў курсларына қамтып алынған халық билимлендириў хызметкерлерин курслардағы оқыў шынығыўларына қатнасыўын тәмийинлеў;

қәнигелигин арттырыў курсларын тамамланғаннан кейин педагог хызметкерлерди қәнигелигин арттырылғанлығы ҳаққындағы сертификатлар менен тәмийинлеў;

педагог хызметкерлердиң мүтәжликлерин үйрениў тийкарында қысқа мүддетли курслардың оқыў режe ҳәм дәстүрлер мазмунына усыныс ҳәм пикирлерди қәнигелигин арттырыў орайларына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

**6.** Педагог хызметкерлерди өз пәни бойынша қәнигелилигин арттырыў курсына жибериўде усы жылы тастыйықланған режеге қатаң әмел қылыныўын ҳәм олар ҳаққындағы мағлыўматлардың (http://newmalaka.uzedu.uz) электрон базасына дурыс киритилиўине, имла қәтесиз ҳәм толық жүклениўи бойынша район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәмде Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорлары жеке жуўапкер екенлиги белгиленсин.

**7.** Усы буйрықтың қабыл қылыныўы мүнәсибети менен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 7-январьдағы “Педагог хызметкерлердиң қайта таярлаў ҳәм қәнигелилигин арттырыў курсларын дәстүрий түрде шөлкемлестириў ҳаққында”ғы 8-санлы буйрығы Өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

**8.** Атқарыў тәртиби ҳәм мүражатлар менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев) бир күн мүддетте усы буйрықтың барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери жуўапкерлерине жеткерилип берилиўин тәмийинлесин.

**9.** Усы буйрықтың орынланыўын тәмийинлеўди қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиевке жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Нөкис қаласы
2021-жыл 23 - Апрель
№ 113